

Nim. 202.49

DEKRÈ EGZEKITIF

**KONTINITE SISPANSYON AK MODIFIKASYON TANPORÈ LWA YO
KI GEN RAPÒ AK IJANS NAN SITIYASYON KATASTWÒF LA**

LÈ NOU KONSIDERE, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiyaasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la; ak

LÈ NOU KONSIDERE, yo te dokimante alafwa ka transmisyon COVID-19 ki gen pou wè avèk vwayaj ak ka transmisyon COVID-19 akòz kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa pral kontinye toujou;

KOUNYE A, AN KONSEKANS, Mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, konfòmman ak otorite ke Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif (Executive Law) la ban mwen pou sispann oswa modifiye pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt ajans pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen, oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas ak ijans katastwòf la, oswa si sa nesèsè pou bay asistans oswa èd pou fè fas ak katastwòf sa a, avèk dokiman sa a, ap kontinye sispann ak modifikasyon nan lwa, ak kèlkeswa direktiv yo, ke yon direktiv annapre pa sispann, ki te fèt pa Dekrè Egzekitif 202.15 ak chak Dekrè Egzekitif siksesif jiska Dekrè Egzekitif 202.21 enklizivman, ak Dekrè Egzekitif 202.29, jan yo pwolonje li epi ja li nan Dekrè Egzekitif 202.39 la, pou yon lòt peryòd trant jou jiska 6 out 2020, eksepte sa ki annapre yo:

- Sispann ak modifikasyon atik ak règleman nou pral site yo pa'p kontinye, epi atik, kòd ak règleman sa yo an vigè nan tout anplè yo apati dat 8 jiyè 2020:
 - 10 NYCRR 5-6.12(a)(4);
 - Lwa sou Kòporasyon Relijye (Religious Corporation Law) yo §§ 43, 45, jan sispann sa yo te ranplase pa Chapit 122 nan Lwa 2020 yo;
 - Atik 3, 8, 9, 13, 15, 17, 19, 23, 24, 25, 27, 33, 34, 35, 37, ak 75 nan Lwa sou Pwoteksyon Anviwònmanal yo (Environmental Conservation Law), ak Pati 552, 550, 601, ak 609 ak 6 NYCRR nan limit yo te sispann yo pou pèmèt Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal pou sispann odyans yo si yo te aksepte kòmantè piblik yo yon fason elektwonik oswa pa lapòs;
 - Lwa sou Byen Imobilye ak Pwosedi yo (Real Property and Proceedings Law) § 711, Lwa sou Byen Imobilye § 232-a, ak Lwa sou Lojman Miltip (Multiple Dwelling Law) § 4(8) ak (9);
 - Lwa sou Kòporasyon San Bi Likratif (Not for Profit Corporation Law) § 1517; 19 NYCRR 203.3, 203.6, 203.13; 10 NYCRR 77.7(a)(1);
 - Lwa sou Kòporasyon San Bi Likratif (Not for Profit Corporation Law) § 1517; 19 NYCRR 203.3, 203.6, 203.13; 10 NYCRR 77.7(a)(4); ak
 - Lwa sou Sante Piblik (Public Health Law) §§ 4140; 4144; Lwa sou Kòporasyon San Bi Likratif § 1502, 1517, 19 NYCRR 203.1, 203.4, 203.8, 203.13; 10 NYCRR 13.1.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil Albany

nan setyèm jou mwa jiyè nan ane de mil

ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a